



Pou Piblikasyon Imedya: 29/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS KE 67 MILYON DOLA KI TE AKÒDE AVÈK DEZYÈM FAZ NY SWIMS LAN POU ELAJI AKSÈ POU NAJE AN SEKIRITE NAN TOUT ETA A

Atravè de faz finansman NY SWIMS, yo te akòde 200 milyon dola bay 57 pwojè k ap fè pwomosyon aksè san danje pou naje atravè Eta Nouyòk

Sipòte amelyorasyon enstalasyon akwatik minisipal yo ak òganizasyon san bi likratif; [Gade lis konplè moun ki resevwa sibvansyon yo isit la](#)

Yon pati nan Inisyativ 'Unplug and Play' Gouvènè Hochul la pou ankouraje fanmi yo rete aktif epi deyò

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke yo te akòde plis pase 67 milyon dola sibvansyon kapital pou finanse 21 pwojè atravè Eta Nouyòk atravè dezyèm faz Envestisman nan Tout Eta Nouyòk nan Plis Natasyon (New York Statewide Investment in More Swimming, NY SWIMS). Biwo pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) la sipèvize inisyativ NY SWIMS lan epi se Otorite Dòtwa Eta Nouyòk (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) ki administre li, li bay sibvansyon konpetitif ki ede kominote yo bati ak amelyore enstalasyon naje, pou bay plis Nouyòkè kote ki an sekirite ak modèn pou naje. Atravè de faz pwogram NY SWIMS la, Eta Nouyòk te bay 200 milyon dola pou sipòte 57 pwojè.

"NY SWIMS deja montre kijan enstalasyon naje ki an sekirite yo ka transfòme fanmi yo ak katye yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwochen faz prim sa a kontinye pwogrè sa a lè li bay plis kominote resous yo bezwen pou konstwi ak amelyore pisin ak espas akwatik ki sipòte sante, sekirite ak aktivite lwazi pandan tout ane a. Atravè Unplug and Play (Dekonekte epi Jwe), n ap kreye opòtinite pou Nouyòkè yo ka pwofite aktivite deyò yo, rete aktif, epi reyini ansanm."

Yo bay plis pase 34 milyon dola bay kominote ki pa jwenn ase sèvis pou elaji aksè ak enstalasyon naje piblik ki an sekirite epi ki fyab nan zòn kote opsyon yo te limite depi lontan. Pwojè sa yo pral ede adrese pwoblèm ki la depi lontan nan enfrastrikti lwazi epi ogmante opòtinite pou edikasyon sou sekirite dlo, pwogram pou jèn yo, ak aktivite deyò nan tan cho.

21 pwojè ki te resevwa prim nan dezyèm faz finansman NY SWIMS la gen ladan yo 13 aplikan minisipal ak uit òganizasyon san bi likratif, ki reprezante plis pase 87 milyon dola nan investisman total nan konstriksyon epi ki pèmèt yo jwenn prèske 25 milyon dola nan kontribisyon lokal ak filantwopik. Ansanm, prim sa yo kouvri uit Rejyon Devlopman Ekonomik epi yo pral ede kominote yo ranfòse resous lwazi yo, amelyore sekirite dlo, epi kreye plis opòtinite pou fanmi yo rete aktif.

NY SWIMS sipòte pwojè ki modènize oswa konstwi enstalasyon akwatik, tankou pisin, zòn naje natirèl, douch, sistèm mekanik, estrikti lonbraj, ekleraj, ak amelyorasyon aksè. Yo te evalye aplikasyon yo dapre bezwen kominote a, benefis piblik la, planifikasyon, ak preparasyon pou aplikasyon.

Pwogram nan fè avanse tou inisyativ Unplug and Play ki pi laj Gouvènè Hochul la, ki investi nan enfrastrikti lwazi epi ankouraje fanmi yo pase plis tan aktif ak deyò. Amelyorasyon sa yo pral ede kominote yo rete fre pandan chalè ekstrèm, ogmante opòtinite pou ansèyman naje, epi bay espas akeyan pou pwogram pandan tout ane a ak sezon an.

Pwen Enpòtan Rejyonal yo

Yon lis konplè ganyan yo disponib isit la. Gran pwen yo enkli:

Rejyon Kapital la – Plis pase 15 milyon dola

- **Vil Schenectady – 8.08 milyon dola:** Konstriksyon yon nouvo konplèks pisin, ki gen ladan l yon pisin pou naje ak yon zòn aktivite, yon seksyon antre lib, jwèt dlo kote dlo a pa fon, ak yon nouvo batiman pou douch.
- **Vil Watervliet – 7.4 milyon dola:** Ranplasman pisin ak douch ki deja egziste a ak yon enstalasyon modèn nan Town Park la.

Nouyòk Santral – Plis pase 7 milyon dola

- **Vil Cortland – 3.8 milyon dola:** Renouvèlman enstalasyon pisin Yaman Park la, ki gen ladan yon douch aksesib pou moun ki andikape, restorasyon rivaj la, amelyorasyon aksè ak plaj la, ak nouvo estrikti lonbraj.
- **YMCA Fulton – 2.4 milyon dola:** Renouvèlman pisin terapik la, chanm vapè a, sona a, ak vestiyè yo.

Finger Lakes – 3.2 milyon dola

- **Vil Rochester – 2.4 milyon dola:** Amelyorasyon nan pisin Trenton ak Pamela Jackson R-Center la, tankou nouvo ekleraj, yon teras pisin ki rebati, amelyorasyon HVAC, ak karakteristik aksesib pou ADA.
- **Ekstansyon Koperativ Cornell nan Konte Ontario – 800,000 dola:** Konstriksyon yon nouvo pisin deyò ak yon kay pisin ak twalèt inisèks, douch deyò, ak yon paviyon pou lonbraj.

Long Island – Plis pase 427,000 dola

- **Sant Kominotè Jwif Sid Jacobson – 427,358 dola:** Amelyorasyon sistèm HVAC pisin yo, sifas pisin ki refini, amelyorasyon asansè ADA, ak sistèm tretman UV ak chimik modènize.

Mid-Hudson – Plis pase 17 milyon dola

- **Vilaj Kiryas Joel – 6.5 milyon dola:** Konstriksyon yon nouvo konplèks akwatik andedan ak deyò nan Kinder Park.
- **Vil Cornwall – 5.58 milyon dola:** Ranplasman pisin ki egziste deja a ak yon pi gwo enstalasyon modèn ak yon nouvo douch.

Mohawk Valley – 2.6 milyon dola

- **Vil Sherrill – 2.6 milyon dola:** Rekonstriksyon pisin Al Glover la, ki gen ladan yon nouvo pisin san antre, yon zòn pou jwe dlo, ak yon kay pisin renove.

Vil Nouyòk - 5 milyon dola

- **Depatman Pak ak Lwazi NYC – 5 milyon dola:** Rekonstriksyon Konplèks Pisinn Haffen Park nan Bronx la, ki gen ladan amelyorasyon antre aksesib, renovasyon teras pisinn lan, ak amelyorasyon kay pisinn lan.

Southern Tier – Plis pase 10 milyon dola

- **YMCA Ithaca ak Konte Tompkins – 6.26 milyon dola:** Rekonstriksyon plizyè pisin, modènizasyon vestiyè yo, ak ajoute yon spa idwoterapetik.
- **Vilaj Horseheads – 4 milyon dola:** Ranplasman pisin Thorne Street Park la ak renovasyon kay pisin lan.

Inisyativ NY SWIMS la bay sibvansyon kapital egal ki varye ant 250,000 ak 10 milyon dola pou ede minisipalite yo ak òganizasyon san bi likratif yo modènize enfrastrikti akwatik yo. Pwojè yo dwe demontre kontwòl sou sit la, finansman ki koresponn, ak plan ki elaji aksè piblik la pou naje an sekirite.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY Robert J. Rodriguez te deklare, "Dezyèm faz prim NY SWIMS sa a montre kijan kominote atravè Nouyòk yo ap fè pwogrè ak pwojè byen planifye ki pral fè yon vrè diferans pou fanmi yo. DASNY fyè pou l administre pwogram sa a epi sipòte minisipalite yo ak òganizasyon san bi likratif yo pandan y ap pase de vizyon pou rive nan konstriksyon. Investisman sa yo pral kreye anviwònman ki an sekirite pou naje ak aktivite lwazi, tout pandan y ap ankouraje kominote ki pi an sante e ki pi konekte."

Komisè Pwovizwa Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta Nouyòk la, Kathy Moser, te deklare, "Gras a lidèchip Gouvènè Hochul, pwogram NY SWIMS la ap investi plizyè milyon dola pou konstwi ak revitalize pisin ak enstalasyon natasyon atravè eta a. Efò sa a k ap fèt la ede Nouyòkvè yo aprann naje epi rete an sekirite nan dlo ak bò kote dlo. Naje sipòte misyon 'Get Offline, Get Outdoors' (Dekonekte sou Entènèt, Soti) la epi pwochen faz sibvansyon sa a pral retabli resous vital nan kominote a pandan y ap ogmante aksè ak opòtinite naje ki an sekirite e abòdab pou Nouyòkè tout laj."

Senatè Eta Jose Serrano te deklare, "Inisyativ Envestisman nan Tout Eta Nouyòk nan Plis Natasyon (NY SWIMS) se yon investisman enpòtan pou minisipalite yo ak òganizasyon san bi likratif yo elaji aksè aK enstalasyon natasyon san danje nan tout eta a. Antanke Prezidan Komite Sena a sou Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi, mwen kwè fèmman NY SWIMS pral konstwi epi amelyore enstalasyon naje pou bay Nouyòkè yo kote ki an sekirite epi modèn pou naje. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul anpil ak kòlèg mwen yo nan gouvènman an pou travay yo pou kenbe ak elaji inisyativ enpòtan sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)